

**Æ НИФС ÆХЕЦÆЙ РАЗДÆР КÆМÆН РАМÆЛУЙ, Е МÆРДТÆБÆЛ НИМАД ÆРЦÆУЙ!..**

*САНАТИ Уари (1884-1968), адæмон таурæхъгæнæг: «Цард æй устур æмбохагæ денгиз. Нæдæр ин бун ес, нæдæр ба къардеу. Цард æй тох, уæлахез си кæнуй æхсарæ. Æхсари буни цагъар ун уа дессæг нæйн, фал зæрдæй цагъар æма тæрсагæ ун федиссаг æй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№3 (972) 2025 анзи 1 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## ФИДИБÆСТИ НАМУС



## ИРИСТОЙНАГ ТУГЪДОНТИ СТАЛИНГРАДАГ НАМУС

Устур Фидибæстон тугъди алæмæти агъазиаудæр цаутæй еуебæл нимад цæуй Сталинградаг тугъд. 1942 анзи гитлерон æфсæдти 90 дивизий батудтонцæ Хонсари фронт æма байахæстонцæ цæугæдæнттæ Дон æма Волги ’хсæн рауæнтæ, сæ зæрди адтæй Сталинград байахæссун æма Цæгат Кавказмæ байервæзун, уордигæй ба – Фæскавказмæ. Сталинград æнæмæнгæ багъæуай кæнун гъудæй. Знаг Сталинград ку байста, уæд фæххецæн адтайдæ Кавкази хæццæ бастдзийнадæ.

Сталингради тугъд фæццудæй 1942 июлæй ба 1943 анзи феврали уæнгæ (1942 анзи 17 июлæй ба 18 ноябри уæнгæ цудæнцæ гъæуайкæнуйнадон тугъдтитæ, 1942 анзи 19 ноябрæй 1943 анзи 2 феврали уæнгæ ба – размæмпурсти тугъдтитæ). Немуцаг-фашистон æрдонгтæ Сталингради алфамбулай тугъдтити дæрæнгонд ке ’рцудæнцæ, еци хабар æнæгъæнæ дуйнебæл дæр райгъустæй. Æма рабæрæг æй, немуцаг-фашистон æрдонгтæ сæхебæл куд æнвæрстæнцæ, уоййасæбæл арæхстгин ке нæ разиндтæнцæ. Уой хæццæ ба дуйней адæмтæй баруагæс æй, Сурх Æфсади алæмæти тухгиндзийнадæ æма Советон Цæдес æнæмæнгæ ке фæуууæлахез уодзæнæй, æнæгъæнæ Европæ æ буни ка ’ркодта, еци гитлерон Германибæл.

4

## НÆ ФИДДÆЛТИ ЦАРДИУАГИ ÆВДЕСÆНТÆ ГЪÆУАМА ГЪÆУАЙГОНД ЦÆУОНЦÆ



**Аци хузæ мухур кæнгæй, уой зæгъуйнаг ан, æма, æ къохти ци тæскъитæ ес, етæ кæд бакасти уоййасæбæл уиндгун нæ ’нцæ, уæддæр, ку ибæл расагъæс кæнæн, уæд арф гъудити æфтаунцæ. Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума, си зæронд лæг евгъуд рæстæгутæй абони уæнгæ нæмæ ’рбахъæртун кодта нæ фидтæлтиккон уодварни хæзнатæ, уони зундрахасти бафæнзуйнаг æвдесæнтæ æма фæдзæхститæ. Æма сæ мах дæр гъæуама зæрдтагонæй райсæн, багъæуай сæ кæнæн, табугондæй сæ исæмбæлун кæнæн, нæ фæсте ци фæлтæртæ æнтæсунцæ æма ма æнтæсдзæнæнцæ, уонæмæ. Еци ихæс æнхæст кæнуни сæрбæлтау архайгæй, нæ газети еудадзугдæр цæунцæ æма идарддæр дæр мухургонд цæудзæнæнцæ аллихузон æрмæгутæ. Уонæй цалдæрей кæсетæ абони номери дæр.**

## НОМЕРÆН



## ФАРНÆХÆССÆГ БУНДОРБÆЛ ФÆРНÆЙДЗАГ ГЪУДДÆГУТÆ ÆНТÆСУЙ!..

Хуæрзæрæги сахар Красноярски арæзт æрцудæй номдзуд богал **Иван Ярыгини** номбæл Кубок рамолуни дуйнеуон еристæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Архайдтонцæ си æвддæс бæстей минæвæрттæ. Уомæ гæсгæ, уæлдай æхцæуæн æй, не ’мзæнхон богалтæ си хъæбæр æнтæстгинæй ке фескъуæлхтæнцæ – рамулдтонцæ си æхсæз хуæрзеуæги: сугъзæрийнæ майдантæй фæххайгин æнцæ 70 кг уæзи Байати Давид, 86 кг – Найфонти Артур, 74 кг – Сидахъати Заурбег. Æвзестæ майдан рамулдта 86 кг уæзи Багати Арслан, бронзæ майдантæй ба хуарзæнхгин иссæнцæ: 92 кг – Багати Алан, 97 кг – Таугазти Ирбег.

Аци хабар ма уæлдай æхцæуæн æй уомæй дæр, æма нæ нури богалтæ гъеуотæ æнтæстгинæй бæрзонддæр кæнунцæ, нæ Иристони уæгъдебарæй гъæбесæй хуæцуни аййевадæн федар бундор ка ниввардта, уони намус. Уонæй ба еу адтæй **Дзарасати Дзабой фурт Саукуй**. Сæрмагондæй ба ’й уомæ гæсгæ имисæн, æма 5 январи æ райгурдбæл исæнхæсти æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1930-1990). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.


## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2025 АНЗИ ЦУППАР МÆЙЕМÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ЦУППАР МÆЙЕМÆН ÆЙ 262 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 230 СОМИ ÆМА 32 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

***Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: «Адæм цæмæй гурумухъ æма æнæхсæст уонцæ, уомæй син агъаз кæнунцæ чиновниктæ сæхуæдтæ, уæлдайдæр ба сæ листæгдæртæ: нецæмæ дарунцæ сауæнгæ гъæуихецаутти æма дингæнгути хестæрти дæр. Мадта закъонтæ сæхуæдтæ дæр музухъæгти фонси бунати æвæрунцæ...»***

***Уæрæсей 1905-1907 анзти ци цаутæ 'рцудæнцæ, етæ нимад цæунцæ куд империализми доги фиццаг адæмон революци, уотæ. Советон доги уой хæццæ баст цудæнцæ, еци æнзти паддзахади алли рауæнти ци адæмон æзмæнститæ æма исистадтæ рауадæнцæ, етæ. Е бунтон раст нæй, уомæн æма Уæрæсей иннæ рауæнти уоййасæбæл зонгæ кæми адтайуонцæ, Петербург æма Мæскуй ци цаутæ 'рцудæнцæ, уони хæццæ. Уæдта сæ еци цаутæ уоййасæбæл дæр нæ низгули кодтайуонцæ. Растдæр уодзæнæй уотæ зæгъун, æма фæллойнæгæнгутæ сæ зæрдтæй исдзориуонцæ сæ барти сæрбæл – кæми уотид дзубандийæй, кæми ба сауæнгæ гæрзефтонгæй дæр.***

***Уæхæн хабæрттæ æрцæуидæ Цæгат Иристони дæр. Уой фæдбæл еу æрмæг ниммухур кодтан нæ газети айразмæ номери, абони ба уæ зонгæ кæнæн еума æрмæги хæццæ.***



# АДÆМ СÆ БАРТÆБÆЛ КУ ИСДЗУРДТОНЦÆ...

Уæрæсей 1905-1907 ци революцион змæлдтитæ æрцудæй, етæ паддзахадæн айдагъ æ центри нæ, фал сауæнгæ æ кæройнаг рауæнти дæр уавæр низгули кодтонцæ. Уотæ уæди Терки облæсти дæр. Зæгъæн, хъæбæр устур змæлд æрцудæй еци рæстæг Алагири. Æма еци хабар уайтæккæдæр фæххæлеу æй Иристони сауæнгæ рæбуйнаг гъæутæмæ дæр. Нифсдæттæг син фæцæй иннæ къумти нæ, фал ма иннæ рауæнти дæр. 23-24 декабри зæрангонд æрцудæнцæ Садони æрзæткъахæнтæ æма Мизури æрзæтгъæздуггæнæн фабрикæ. 28 декабри æхсæвигон ба дæрæнгонд æрцудæй Фæснæли фабрикæ дæр.

Терки облæсти инæлар-губернатор 1906 анзи 1 феврали финста æфсæддон министрмæ: «Тохæнгæрзтæй ефтонггонд ирæнтти къуар, æдеугурæй цуппар сæдæ адæймагей бæрцæ, топпити хæццæ бампурстонцæ фабриктæмæ, сæхе евгед бакодтонцæ фабрики æма службæгæнгути есбон, ниссастонцæ хуæдтолгитæ, прибортæ æма косæнгæрзтæ, басугътонцæ фабрикити азгъунститæ æма сæ давæггаг есбони хæццæ сæхе баримахстонцæ. Ци устур зæран æрхастонцæ, уонæн нерæнги банимайæн нæма ес, уомæн æма фабрикти администраций косгутæ абони дæр кустмæ нæма рацудæнцæ...»

Фæснæли фабрикæ ниппурхæ кæнуни гъуддаги архайдтонцæ Мæхчески, Фæрæскъætти, Къæмунти, Къамати, Стур-Дигори, Хæнæзи, Уæхъæци, Дунти æма иннæ гъæути цæргутæ. Цубурдзурдæй, Мæхчески æма Гæлиати приходти гъæути цæргутæ домæнтæ æвардтонцæ, цæмæй син лæвæрд æрцæуонцæ, къазна æхе ци зæнхи хæйттæ бакодта, етæ.

Фæстæдæр, 1905 анзи феврали мæйи ба сæ бартæбæл исдзурдтонцæ Мизурæй Даргъ-Къохмæ æфсæнвæндагмæ æрзæт ка ласта, етæ. Заводи разамунд сæ хæццæ берæ фæррадзорæ-бадзорæ кодта, фал косгутæ нæ исарази 'нцæ, сæ домæнтæн, се 'мбес дæр æнхæстгонд ке нæ цудæй, уомæ гæсгæ.

Унаффæ хаст æрцудæй, цæмæй æрзæт æндæр хъаурайтæй ласт цудайдæ, уобæл. «Апърели мах байхуæрстан Владкавкази рæбун гъæути цæргути, уæдта хъазахъаг станицитæй уруссаг косгутæ. Етæ исарази кæнуни, хуæнхæгтæн ци мизд фистан, уобæл æрзæт ласунбæл», – финста Г.А. Дюкенн Кавкази хуæнхаг округмæ. Фал еци гъуддаг дæр размæ нæ рацудæй, уомæн æма æрзæтласгути еудадзугдæр æхсгæ кодтонцæ арæсæнтæй. Хецауадæ ци гъæуайгæстæ байхуæрста, етæ дæр неци уоййасæ агъаз кодтонцæ. Хуæнхæгтæ сæ ке хъор дардтонцæ, ласгутæн сæ фулдæр хай ке фæццæфтæ æй, се 'рзæтласæг фонс цæгъдуни ке кодтонцæ, уомæ гæсгæ ихуæрст уруссæгтæн уадзгæ рауадæй сæ куст. Æрзæтласуни куст æхгæд æрцудæй, æрзæткъахæнтæ æма фабрики куст ба уорæд.

Дæс мæйей фæсте заводи администраций къохти бафтудæй бунæттон цæргути байхуæрсун æрзæт ласунмæ. Фал бабæй сæмæ ами дæр æнгъæлмæ кастæй нæуæг цæлхдор. Будуйраг цæргутæ, уæлдайдæр ба æрæдойнæгтæ, æрзæтласгутæн сæ нæдтæ æрæхгæдтонцæ, аци зæнхитæбæл уин цæунмæ над нæййес, зæгъгæ. Хайтгай се 'хсæн рауаидæ устур буцæутæ. Уотемæйти бабæй æрзæтласуни куст æхгæд æрцудæй.

Медкоми зæнхкосгутæ аллихузи дæр архайдтонцæ, цæмæй Цъæйи-Къасарай зæнхитæ сæхе бакодтайуонцæ, æрзæткъахæни хецæутти къохти цæмæй мабал адтайуонцæ, уобæл.

Косгутæ гъæдæмæ над арæзун ку райдæдтонцæ, уæд син сæ косæнгæрзтæ байстонцæ Цъæйи цæргутæ, сæхе ба син ратардтонцæ. Уой фæсте заводи разамунд гъæдæрмæг æлхæдтонцæ æндæр рауæнти.

Сæдæ æма æрдæг нæлгоймаги, ка фестæгæй, ка бæхбæл, уотемæй 22 декабри æд тохæнгæрзтæ бампурстонцæ Мизури фабрикæмæ æма 'й ниппурхæ кодтонцæ.

Æхсæвæ ба сæ нимæдзæ æртæсæдæ адæймагемæ исхъæрттæй. Сурх турусай хæццæ бацудæнцæ «ура» гъæргæнгæ æма арт бандзарстонцæ скълад, тукангæси, службæгæнгути цæрæн хæдзæрттæбæл, къанторæбæл, иннæ азгъунститæбæл. Æхцати къасси дуар басастонцæ, косæнгæрзтæ, чертежтæ, документтæ уæрдунти ниццурхтонцæ æма сæ фæлластонцæ.

Иннæ бон изæрæй уавæр никки фæккарздæр æй. Цæргутæ сæдæ æма цуппаринсæй уæрдуней бæрцæй Мизури фабрики рæзти райевгъудæнцæ æма сæ над Садонмæ радардтонцæ. Ами ма сæбæл бафтудæнцæ бунæттон цæргутæ дæр.

Арт бандзарстонцæ къанторæбæл, разамонæги цæрæн хæдзарæбæл, бæхдæнттæбæл, службæгæнгути хæдзæрттæбæл, дохтири аптекæбæл æма æ цæрæнтæбæл, тукæнттæбæл, скъладбæл... Цæбæлдæриддæр хуæст кодтонцæ есбонадæй, уони цурхтонцæ сæ уæрдунти æма сæ ластонцæ.

Слестгæнæг æма тæрхонгæнæг лæгтæ, сæхебæл силгоймæгти хъæппæлтæ искæнгæй, фæллигъдæнцæ. Æрзæткъахæни сæргълæууæг Бугар дæр æ уосæ æма сувæллони хæццæ фæллигъдæнцæ Ходи гъæумæ. Уоми имæ бавзистонцæ æ сувæллон ин радавунæй. Уордигæй ба фæллигъдæй Згидмæ, фал æй уоми дæр æнцад нæ ниуугъатонцæ, цалинмæ ихæссæггаг 2000 соми нæ бафиста, уæдмæ.

Еци дæрæнгæнæг цаути зæрандзийнадæ акционерон æхсæнадæн цæбæл ниллæудтæй, е зин банимайæн æй, уомæн æма сæ кой некæми æй, æма ин сауæнгæ заводи администраций бон сæхецæн дæр исбæлвурд кæнун не 'ссæй. Фал миллионтæй нимад ке цудæй, е ба дузæрдуггаг нæй. Айдагъ фабрики азгъунсти ци ихæлдтитæ 'рцудæй, етæ сæхуæдтæ дæр дзæвгарæ адтæнцæ.

Фæснæли фабрикæ дæр 28-29 пурхгонд æрцудæй. Æртинсæй адæймаги, сæ сæргъи Мæхчески зилди писæр Тауитти Дрис, уотемæй бампурстонцæ, фабрикæмæ æма гъæуайгæстæй бадомтонцæ, цæмæй колдуæрттæ байгон кодтайуонцæ. Ку нæ син бакумдтонцæ, уæд сæхуæдтæ дуæрттæ батудтонцæ æма сæ топпитæй гæрæхтæ кæнгæй балæгарстонцæ медæмæ.

Цидæриддæр адтæй сæ надбæл, уони пурхæ кодтонцæ – тукан, службæгæнгути авæрттæ, скълæдтæ. Фæйнердæмæ фæхххастонцæ косæнгæрзтæ, гæгъæдитæ. Фабрикæ пурхгонд ке цæудзæнæй, уой иннæ гъæути цæргутæ дæр хуарз зудтонцæ бунæттон разæнгардгæнгутæй. Етæ ма фæстагмæ ба гъæутæбæл зелун райдæдтонцæ æма курдтонцæ цæргутæ, цæмæй сæ фарс рахуæцонцæ. Сæ фæдздзурд адæммæ фегъустæй æма фабрики размæ æмбурд кодтонцæ нæуæг æма нæуæг тухтæ.

Исистæг 29 декабри адæм идарддæр дæрæн кодтонцæ æма хастонцæ фабрики есбон. Идарддæр сæ зæрди адтæй, фабрикæн динамит æма топпихуасæ ци скълади æвæрд адтæй, уомæ балæгæрдун. Е ба адтæй кустуатæй еу километр идарддæр. Гъæуайгæс Дзусти Шамил сæ бæргæ нæ уагъта скъладмæ, фал æй исбастонцæ, æма 'й ниггæндæмæ ниггæлстонцæ, сæхæудтæ ба дуæрттæ басастонцæ æма ин æ цийййес рахастонцæ. Топпихуасæ, динамит æма иннæ рæмодзæн æрмæг сæ нур гъæун райдæдтонцæ идарддæри тугъдтитæн.

Еци бон ма балæгарстонцæ Мæхчески правленимæ. Фæдздзурдта сæмæ Тауити-фурт. Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма Мæхчески приходи цæргутæй беретæбæл акттæ конд æрцудæй, гъæдæрмæг æнæзакъонæй ке цæгъдунцæ, уой туххæй.

## ПАДДЗАХИ ÆФСÆДДОНТÆЙ ДÆР БЕРЕТÆ ФÆЛЛОЙНÆГÆНГУТИ ФАРС ФÆЦÆНЦÆ




Уæрæсей фиццаг революций æстъæлфæнтæ бахъæрттæнцæ æфсадмæ дæр. Цæгат Кавкази ци æфсæддон хæйттæ адтæй, уонæй 1905 анзи тæккæ фиццаг политикон тох райдæдта 81-аг Апшеройнаг полк, æ еугæндзон бунат адтæй Дзæуæгигъæуи. Еци полкки æфсæддонтæ 28 октябри æд тохæнгæрзтæ æрлæудтæнцæ хецауеуæггæнгути нихмæ. 3 ноябри сахар Грознай базмалдæнцæ 82-аг Дагестайнаг полкки æфсæддонтæ дæр.

17 ноябри æдгæрзтæ тохмæ исистадæнцæ 250-аг Ахульгини полкки æфсæддонтæ. Политикон тохи агъазиаудæр цаутæй еу адтæй Ирон бæхгин дивизиони тох, райдæдта 12 декабри. Еци тох æнгом баст адтæй, Иристони зæнхкосгутæ зæнхæ раст байуаруни фæдбæл ци тох райдæдтонцæ, уой хæццæ.

Еугур еци цаути фæдбæл 1905 анзи 23 декабри Терки облæсти æвæрд æрцудæй тугъдон уавæр, 1906 анзи январи ба Иристонмæ æрвист æрцудæй æфхуæрæг æфсæддон хæйтти экспедици, æ командир болкъон Ляхов.

Уæрæсей косгутæ декабри ци æдгæрзтæ тох исамадтонцæ, е саст ку 'рцудæй, уæд революций уолæнтæ нидæндæр кæнун байдæдтонцæ, паддзахи хецаудзийнади 'рдигæй реакци ба – карздæр. Æфсæддонти исистад дæр сабургонд æрцудæй, уой дæр уой фудæй æма æ амидингæнгутæ не 'сарæхстæнцæ гъуддаг гъæугæ хузи исаразунбæл... Уæддæр еци цаутæ нин имисуйнаг æнцæ, æма нæ зæрди ес уой фæдбæл нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми сæрмагонд æрмæг ниммухæр кæнун.

**Не 'мзæнхон, Мæздæги райони станицæ Павлодольскийæй рацæуæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Филько Иван Якови фурти райгурдбæл 1 феврали æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1915-1945).**

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг «Адæймаги хæццæ æнцон цæрæн æй, дæхе уомæй уæлдæр æма хуæздæрбæл ку нæ нимайай, уæдта уой дæр дæхецæй уæлдæр æма хуæздæрбæл ку нæ нимайай, айдагъдæр уæд...» Номдзуд финсæги аци фæдзæхст нæ еугурдæр ку лæдæрийанæ, уæд цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæдæр уидæ цард.***

Правленнимæ балæборгæй, исистæг дæр байагурдтонцæ бунæттон старшини агъазгæнæг Байти Мæхæмæтæй, цæмæй син еци гæгъæдитæ сæ къохтæмæ ратта, фал е ку нæ исарази æй, уæд æй æндæмæ ратардтонцæ, скъаппи къума басастонцæ æма гæгъæдитæ тургъæмæ рахæсгæй сæбæл, арт бафтудтонцæ. Уой туххæн уголовон æгъдауæй æфхуæрд баййафта Тауитти Дрис.

Фабрикæ ци æхсæвæ дæрæнгонд æрцудæй, еци æхсæвæ гъæуайгæстæ фæззиндтæнцæ приходи старшин Охъази-фуртмæ æма ин гъуддаг лæмбунæг балæдæрун кодтонцæ. Е гъуддаг æхе цæститæй фæууингæй, гæгъæдитæ исаразта æма сæ уæлдæрлæууæг хецауадæмæ рарвиста.

Уæлдæр хецауадæ, уæди размæ исистадти нихмæ ци мадзæлттæ аразтайдæ, уой нæ зонгæй, бустæги цъуазми бахаудтæй, уомæн æма тугъдон-ирон надбæл ма еунæг еци кустуат адтæй косунгъон.

Фал Охъази-фурт æ кæнон уобæл нæ ниууагъта. Дуккаг бон Фæснæли æрæмбурд кодта кадгиндæр хестæрти æма син байхæс кодта, цæмæй етæ фæдздзоронцæ гъæутти цæргутæмæ æма, кæбæл фæххæлæф кодтонцæ, еци есбон фæстæмæ къанторæмæ æрбахæссонцæ.

Куд уинæн, уотемæй гъæуи старшин кудфæнди цæстæй нæ кастæй, æ дæлбарæ адæми ’хсæн ци æзмæлд рапарахат æй, уомæ. Фал æй уæддæр администраций хецауадæ ба фæффудгин кодтонцæ, ке неци мадзæлттæ исаразта афойнадæбæл, уой туххæй. Хецауадон оргæнтæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй Мæхчески приходи адтæй æцæгæйдæр сосæг революцион къуар. Ке фудгин кодтонцæ, еци æзмæнстити нихмæ афойнадæбæл уонæй еу Дзарасути Кале куд дзурдта, уотемæй приходи кæсун, финсун ка зудта, етæ адæми æхсæн таус рауагътонцæ, гъома, дан: паддзах æ бунатæй ист æрцудæй, адæми мæтæ некебал кæнуй, нæхуæдтæ, дан, нæхе мæтæ ку нæ бакæнæнæн, уæд нæ цард исæвдмæ цæуй. Хуæнхаг адæммæ, бæлвурдæй ба Цæллати Сангемæ будурæй Киристонгъæуæй æрбарвистонцæ сæрмагонд финстæг, гъома, дан, хонхи цæрæг адæм гъуддагон архайд ку нæ райдайонцæ, уæд син будурмæ над нæбал ес. Гъома бунæттон администраци сæ бунæттæй цæмæй фæссоронцæ.

Мæхчески 27 декабри кæмæдæр киндзæхсæвæр адтæй. Æма адæми низгули кæнунбæл архайгутæ уоми фæсевæд æрæмбурд кодтонцæ, æма син Цæллай-фурт загъта, цæмæй хестæртæмæ ма игъосонцæ, фал 28 декабри сурх турусай хæццæ æрæмбурд уонцæ, æма фабрики разамунд фæссоронцæ фиццагидæр, уæдта гъæуи правлений гæгъæдитæ басодзонцæ.

Уотæ ке адтæй хабар, уомæн ма æвдесæнæн ниллæудтæй Хъибизти Микъо дæр. Уой дзубандимæ гæсгæ: сурх турусай хæццæ исистæг адæми разæй цудæй Хæнæзи гъæуи цæрæг Цæллай-фурт, æ фарсмæ ба Колити Харитъон (семинари раздæри ахургæнæг), Гетъоти Хаджеумар, е дæр семинарий раздæри ахургæнуйнаг, фæстæдæр ба Гæлиати дини скъолай ахургæнæг. Сæ хæццæ ма байеу æй гъæуи писæр Тауитти Дрис дæр.

Агитатортæ сæ куст бакодтонцæ гъæутæбæл зелгæй, райдайæнæй кæронмæ исистæг адæмæн разамунд лæвардта Тауитти Дрис. Е æхе равдиста, куд дæсни агитатор, куд фæлтæрдгин разамонæг, уотæ. Тифилисæй тæрхондони рахаст унаффи куд загъд адтæй, уотемæй е фудгингонд цудæй, Мæхчески приходи адæми ке амидин кодта паддзахадон закъæнттæ нецæмæ дарунмæ, зæнхитæ æма гъæдтæ сæхе бакæнунмæ, гъæууон правлений гæгъæдитæ басодзунмæ, феддонтæ нæ федунмæ, Фæснæли фабрикæ ниппурхæ кæнунмæ æма уотæ идарддæр.

Исистæг адæмæн сæ æрæмбурди бунат адтæй Фæснæли фæзи. Ка си æрæмбурд æй, етæ æнгъæлмæ кастæнцæ, нæ амидингæнгути фæууиндзинан, зæгъгæ фал Гадати Дзахо куд загъта, уотемæй си Тауитифуртæй фæстæмæ неке ’рбацудæй.

Цæмæй си хъæлæба ма рауайа, уой туххæй Дрис адæми размæ рацудæй æма син балæдæрун кодта, иннæ агитатортæ æндæр гъуддæгути ке архайунцæ, уой. Ку райзæрдалингæ æй, уæд исистæг адæм бампурстонцæ фабрикæмæ, сæ разæй Дрис, уотемæй. Сæ бауорамун нæ дæр гъæуайгæсти бон бацæй, нæдæр ба штейгер Б. Зверюги бон. Æ уодæн тæргæй, къубурмæ исбурдæй æма сæмæ уордигæй кастæй, фабрикæ куд дæрæн кодтонцæ, уомæ.

Фæстæдæр Тауитти-фуртæн Тифилиси тæрхондонæ рахаста тæрхон: «Æ бартæ ист æрцæуæнтæ æма анз æма æхсæз мæйи ахæстдони куд фæббада, уотæ».

Фæснæли фабрикæ ниддæрæн кæнуни ка архайдта, уонæй беретæ æфхуæрд баййафтонцæ. Колити Габий æма Бæзити Будзула Дзæуæгигъæуи ахæстдони рамардæнцæ, Гетъоти Хаджеумари ба Сибири амæттаг бакодтонцæ, иннетæй дæр æнæфхуæрд неке байзадæй.

Фæстæдæр сурх партизанти рæнгъити тох кодтонцæ Хохти Дзахо, Тауитти Дрис, Митцити Хаджеумар, Худæлти Алас, Цæллати Санге, Габисти Геуæрги æма иннетæ. Уонæй сæ фулдæремæн Фæснæли исистад адтæй сæ революцион тохи райдайæн.

***ХОРУЙТИ Юрий,***
***историон наукити доктор.***

**ЗÆРДÆХЦÆУÆН ХАБÆРТТÆ НИН НÆУÆГ АНЗИ БÆРГÆ ФУЛДÆР УИУОНЦÆ**



# СОЦИАЛОН ФЕДДОНТИ БÆРЦÆ ФÆФФУЛДÆР ÆЙ

Берæ пособити бæрцæбæл ахедæг сувæллонæн фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ аци анзи райдайæнæй фæстæмæ Цæгат Иристони æй 15 481 соми.

Архайæг закъонæвæрунадæ куд амонуй, уотемæй Уæрæсей алли региони дæр сувæллæнттæн, кенæ косунгъон гъомбæл адæмæн ке æвæрунцæ, сувæллæнтти къуар пособий бæрцæ бæлвурд кæнунцæ фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр еци хæрзти бæрцæмæ гæсгæ. Фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ ку фæффулдæр кодтонцæ, уæд бæсти Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ сувæллонгин бийнонтæн гъæугæ пособити бæрцæ автоматикон уагæй нæуæгæй банимадта.

Тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæбæл ку бафтудтонцæ, уæд нæ республики 17 анземæй кæстæр сувæллæнттæн гъæугæ еумæйаг пособий бæрцæ рауадæй 15 481 соми (100 процентти нимайгæй), 11 610, 75 соми (75 процентти нимайгæй) æма 7 740,5 соми (50 процентти нимайгæй). Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн: пособий æртæ амунд бæрцей еу исæвæрунцæ бийнонти æфтуйæггæгти бæрцæмæ гæсгæ: æфтуйæггæгти бæрцæ цæйбæрцæ минкъийдæр æй, уомæй фулдæр æй лæвæрд пособий бæрцæ.

Фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ ку фæффулдæр кодтонцæ, уæд æнгъæлдзау силгоймæгтæн æмбæлгæ еумæйаг пособий бæрцæ рауадæй 17 396 соми (100 процентти нимайгæй), 13 047 соми (75 процентти нимайгæй) æма 8 698 соми (50 процентти нимайгæй).

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ алли нæуæг мæйи дæр раздæри мæйи туххæй сувæллæнтти пособитæ бафедуй. Уой хæццæ, бийнонтæ евгъуд анзи декабрæн æмбæлгæ пособитæ райстонцæ æмгъудæй раздæр – 25 декабри. Республики фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти нæуæг бæрцæ нимайгæй, аци анз январи æмбæлгæ фулдæргонд феддонтæ ниййергутæн бафтуйдзæнæнцæ феврали райдайæни.

Уомæй уæлдай, январь æма феврали бæсти Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ 1,5 анземæй кæстæр сувæллонмæ зелуни фæдбæл аллимæйон пособий, уæдта сувæллони райгурди, кенæ æ гъомбæл кæнунмæ райсуни рæстæг гъæугæ еумæйаг пособий бæрцæбæл бафтаудзæнæй. Аци анз Цæгат Иристони сувæллонмæ зелуни фæдбæл аллимæйон пособий тæккæ минкъийдæр бæрцæ уодзæнæй 9 227 соми. 1,5 анземæй кæстæр сувæллонмæ зелуни фæдбæл пособий тæккæ фулдæр бæрцæ 68 995,48 сомей уæнгæ исирæздзæнæй. Æнгъæлдзаудзийнадæ æма сувæллони райгуруни фæдбæл пособий бæрцæ (140 боней дæргъи отпуски туххæй) 103 285 сомемæй исхъæртдзæнæй 794 355,8 сомемæ. Пособий бæлвурд бæрцæ аразгæ ’й мади мизди бæрцæй.

Аци анз Цæгат Иристони сувæллони райгурд æма æ гъомбæл кæнунмæ райсуни рæстæг федуйнаг пособий бæрцæ ’й 24 604,3 соми (уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн, ниййергутæй еуемæн ке дæттунцæ, дзубанди цæуй уæхæн еухаттон феддонбæл). Дууæ æма уомæй фулдæр сувæллони райгурди рæстæг амунд пособи федунцæ алли сувæллонæн дæр. Ниййергутæй еу кæд косуй, дуккаг ба кæд нæ косуй, уæд пособи федунцæ косæг ниййерæгæн.

Аци феддони бæрцæ хъæртуй региони адæймагæн фæццæрунæн æмбæлгæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæмæ, æма аци анз Цæгат Иристони амунд хæрзти бæрцæ уодзæнæй 15 481 соми.

Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центр: 8-800-100-00-01 (телефонæй дзорæн ес лæвар; регионалон хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минутей уæнгæ).

***Уæрæсей Федераций***
***Социалон фонди***
***цæгатиристойнаг хайади***
***пресс-службæ***

**ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ ÆРГЪУДИДЗИЙНАДÆ – ЕУВАРС СИ МАКЕ БАЙЗАЙÆД!..**

# ХУÆЗДÆР ЛÆВАР – КИУНУГÆ




2025 анзи феврали дæсæймаг бонæй æхсæрдæсæймаг бони уæнгæ нæ бæсти рацæуддзæнæй фарæстæймаг Еугуруæрæсеуон акци «Æхцæуæнæй лæвар кæнетæ киунугутæ». Исараздзæнæнцæ æй киунугутæ лæвар кæнуни дуйнеуон бони кадæн, кæци фæууй 14 февралы.

Уæхæн хъæппæрес исараздзæнæнцæ Уæрæсей сувæллæнтти паддзахадон библиотекæ æма ассоциаци «Гъомбæл кæнæн киунугæкæсæги», акци рацæудзæнæй Уæрæсей Культури министрадæ, Уæрæсей киунугути Цæдес æма Киунугæуæйæгæнæг ассоциаций агъазæй.

Акций рæстæг киунугæдæнтти, киунугути тукæнтти, музейти, скъолатæ æма гимназити æмбурд кæндзæнæнцæ киунугутæ æма бæсти минкъий сахартæ æма идарддзæф цæрæнбунæтти сувæллæнтти ахурадон æма гъомбæладон косæндæнттæн, уæдта киунугæдæнттæн лæваргонд цæудзæнæнцæ.

Акци кæдæй цæуй, уæдæй абони уæнгæ – аст анзей дæргъи – еци гъæугæ мадзали архайунцæ Уæрæсей 88 регионы. Еци æмгъудмæ æмбургонд æрцудæй 1 миллион æма 700 мин киунуги, кæцитæ равардтонцæ агъазгъæуагæ организацитæн. Айдагъ евгъуд 2024 анзи акций архайдтонцæ нæ бæсти 7 мини 500 киунугæдони, æма еци нимæдзæ анзæй-анзмæ кæндзæнæй фулдæрæй-фулдæр.

Хабæрттæ бæлвурддæр базонæн ес Уæрæсей Сувæллæнтти паддзахадон киунугæдони официалон сайти.

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 4 феврали) райдæдта æ куст Советон Цæдеси, Америки Еугонд Штатти æма Англий разамонгути Хъиримаг (Ялтæйаг) конференци. Æрдзубанди си кодтонцæ фашистон Германи кæронмæ ниддæрæн кæнуни туххæй еумæйаг архайдбæл.**



Цæгат Иристони тугъдонтæй Сталингради тугъдтити ка фæммард æй, уонæн Мамайи обауи Мемориалон комплекси 2017 анзи 5 майи æвæрд æрцудæй номерæн циртдзæвæн.

# ИРИСТОЙНАГ ТУГЪДОНТИ СТАЛИНГРАДАГ НАМУС

1 Куд Советон Цæдеси еугур адæмихæттити минæвæрттæ, уотæ Сталинградаг тугъди Райгурæн бæсти сæрбæлтау, уодуæлдаййæй тох кодтонцæ нæ Иристони тугъдонтæ дæр.

Уой фæдбæл бундоронæй æрдзоруни равгæ нин нæ гæнæнтæмæ гæсгæ нæййес, фал уæддæр еуцалдæр дæнцæни ба æрхæсдзинан.

Фондз тугъдоней фидæ **Сæлбити Гаврил** 1942 анзи 28 ноябри райста финстæг Сталингради фронтæй: «Уæ бон хуарз, хъазар Гаврил æма Бабали! Сæрустур уотæ уæ бæгъатæр фурт Владимирæй. Е кади хæццæ æнхæст кæнуй æ ихæс. Райгурæн бæсти размæ, æнауæрдонæй дæрæн кæнуй знаги. Владимир цубур рæстæгмæ рамардта 89 фрици. Уæ фурти ном райгъустæй æнæгъæнæ фронтбæл дæр. Ахид æ бæгъатæрдзийнади кой кæнунцæ æфсæддон газетти».

Сержант **Тогузти Хъаурбег** æма е 'мбæлттæ ниппурхæ кодтонцæ аст танки æма хуæддзæугæ дзармадзани, æртиндæс пулемети, уæдта ниццагътонцæ знаги 800 рæнгъон æфсæддони æма афицери. Уæлдай æхсаргиндæрæй ба Тогъузи-фурт фескъуæлхтæй Курски тугъдтити. Æма ин уой туххæй 1943 анзи октябри аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Сталингради рæбун тугъдтити 14-аг гвардион дивизий уогæй, не 'мзæнхон **Ходи Къоста (Константин)** равдиста устур лæгдзийнадæ. Знаг Волгæ æма Дони билтæй ледзун райдæдта Александровскийи гъæубæл. Ходи-фурт дзæхæрадонæй рагæпп кодта знаги колонни размæ æма сæбæл ралæудтæй пулеметæй. Гитлеронтæ фæттарстæнцæ æма аллирдæмæ ледзун райдæдтонцæ. Еци тугъди Ходи-фурт мæрдтæмæ барвиста 25 гитлерони, басугъта æртæ хуæдтолги, æрлæуун кодта еу рæуæг æма еу уæзласæн хуæдтолгæ. Æфсæддон газет «В бой, кавалеристы!» æ фæрстæй еуеми радзурдта еци бæгъатæрдзийнади туххæй. Уоми адтæй финст: «Гвардий сержант Ходи Константин æй, тугъди циренмæ æхе ка гæлдзуй æма алкæддæр уæлахезæй ка рацæуй, еци коммунисттæй еу». Æ агъазиау тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй Ходи Къостайæн 1944 анзи 15 январи аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Сталингради тугъди архайгæй, 1942 анзи фæззæги уæлдай хъæбæрдæр раргом æй арæхстдзийнадæ 807-аг авиацион, полкки эскадрилий командир **Чочити Василийæн**. Фæллад нæ зонгæй, е бомбитæ æгъзалдта знаги фестæг æфсæдтæбæл æма танкитæбæл, артиллерий æма минометти тохæн бунæттæбæл.

Еци гъунтъуз бæнтти полкки командæкæнуйнадæ финста тæхæги мадæмæ: «Мах дæ фурт Василийи нимайæн нæ тугъдон æмбæлтти хуæздæртæй еуебæл. Мах сæрустур ан æ бæгъатæрдзийнадæй. Идард Иристонæй æрцæугæй, е ами, Сталингради бунмæ, æ маст есуй знагæй, гъæуай кæнуй, нæ алкæмæн дæр хъазар ци 'й, уой, – Советон берæнацион паддзахадæ»... Чочити Василийæн 1943 анзи æ 1 ноябри аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Сталингради бунмæ бæгъатæрæй тох кодта æма æ рамæлæти фæсте муггагмæ хаст æрцудæй 646-аг авиацион полкки тугъдонти номхигъдмæ кæстæр лейтенант **Козати Саликъо**. Е фæммард æй 1943 анзи 17 январи Сталингради фронти командæкæнуйнади сæрмагонд ихæслæвæрд æнхæст кæнгæй. Уой фæдбæл 208-аг авиацион дивизий политхайади хецау финста командæкæнуйнадæмæ: «1942 анзи фæззæги 624 авиацион полкмæ 'рбацудæй æригон тæхæг, сурхæфсæддон иристойнаг лæхъуæн Козати Василийи фурт Саликъо.

... Бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй Козай-фурт 2-аг уæлдæфон æфсади еугуремæй раздæр райста Фидибæсти тугъди дуккаг къæпхæни орден, еци рæстæг ин лæвæрд æрцудæй кæстæр лейтенанти ном. 1943 анзи 17 январи Козай-фурт хуæдтæхæг У-2-бæл ратахтæй нæ раззаг хæйтти хæццæ бастдзийнадæ нæуæгæй исаразуни туххæй... Ихæслæвæрд æнхæстгонд ку 'рцудæй æма экипаж фæстæмæ ку 'рбатахтæй, уæд хуæдтæхæгбæл ралæудтæнцæ знаги дзармадзантæ. Иссугъдæй æ мотор. Лæхъуæн гъавта хуæдтæхæг æрбадун кæнунбæл, фал æ къæхтæ цæф адтæнцæ. Арти пеллон бустæги бахæстæг æй тæхгутæмæ, ниггупп кодта сæ дарæс, цæститæй ракæсæн нæбал адтæй, фал уæддæр Козай-фурт æрбадун кодта хуæдтæхæг æма штурмани хæццæ рагæпп кодтонцæ содзгæ хуæдтæхæгæй... Немуцаг фашисттæ аллирдигæй уадæнцæ хуæдтæхæгмæ. Саликъойæн, æ къæхтæ цæф ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ ин нæ адтæй гъæдæмæ уайунæн æма фæдздзурдта е 'мбал Овчинниковмæ: «Ду уайæ æма нæхеуонтæн фегъосун кæнæ, нæ ихæслæвæрд ке исæнхæст кодтан, уой туххæй». Овчинников фæттагъд кодта, кæд æй е 'мбали зин рауæн ниуадзун нæ фæндадтæй, уæддæр. Уотæ амудта уавæр. Саликъомæ бауадæнцæ дууæ фашисти æма сæ фехста. Æхсæз нæмуги ма рауагъта знагбæл. Æзнæт немуцæгтæ сæхе никкалдтонцæ мард тæхæгбæл, æма 'й кардæй ниррæ хуститæ кодтонцæ.

Сталингради тугъдтити æнтæстгинæй архайдтонцæ нæ номдзуд инæлартæ **Плити Иссæ, Цæликкати Хъантемур, Карсанти Хъазбег, уæдта нæ исуйнаг инæлартæ Дзилихти Михал, Билаонти Павел**.

Нæкæси, Плити Исси æскъуæлхтдзийнæдтæ Сталингради тугъди рæстæг зундгонд æнцæ, фал нæ уæддæр еу цау æримисун фæндуй.

Сталинград байсуни зæрдтæй знаг 1942 анзи 17 августи æрбагæлста берæ нæуæг тухтæ, уой фæрци ин бантæстæй сахар гъæуайгæнгути фронт дууæ дехи фæккæнун. Уæззау уавæри бафтудæнцæ, Плити Иссæ разамунд кæмæн лæвардта, еци æфсæддон хæйттæ дæр. Уæлдай бæлах ба е адтæй, æма хъæбæр зин иссæй уонæмæ афойнадæбæл бардзурдтæ хъæртун кæнун. Еу рæстæг уотæ дæр рауадæй, æма æвæстеуатæй гъудæй син бардзурдтæ раттун, фал кутемæй? Еске рарветунæн рæстæг нæ адтæй, бастдзийнади фæрæзнитæй испайда кæнун дæр тæссаг адтæй, знаг син сæ фæндитæ æнæмæнгæ ке базудтайдæ, уомæй. Еци тухст уавæри Иссæн фæййагъаз æй... æ маддæлон æвзаг.

Цæветтонгæ, бардзурд æфсæддон хæйттæмæ ци мадзалæй

***Сталингради тугъди Сурх Æфсад æ алæмæти искурдиадæдзийнадæй раргом кодта, сæхе уойразмæ æнæбасæттонбæл ка нимадта, еци гитлерон æрдонгти нецæййагдзийнадæ. Уобæл басастæнцæ сауæнгæ хенвæрсон гермайнаг инæлартæ дæр. Уонæй еу, инæлар-болкъон Гейнц Гудериан æ имисуйнæгти уотæ финста: «Сталинградская катастрофа, вызванная упрямством Гитлера,***

## «СÆ НÆРГÆ КАД, СÆ НÆРГÆ НАМЫС ... СУДЗГÆ СТЪАЛЫТÆЙ БАЗЗАДЫСТЫ ÆНУСМÆ ...»



**Цæгат Иристони адæмон финсæг Цæгæрати Максим (1916-1990) дæр архайдта Сталингради тугъдтити. Уоми 1942 анзи 19 ноябри ци æмдзæвгитæ ниффинста, уонæй еуей («Тæхуды...») абони мухур кæнæн цубуртæгондæй.**

*Ард дын нæ хæрын,*
*Сомы дын нæ кæнын,*
*Мæ чысыл Ир!*
*Мæ цард æгасæй дæр уыди*
*Æнæзæгъгæ сомы,*
*Æнæской ардбахæрд.*

*Ард бахæрынмæ,*
*Мæ сомыты карздæр зæгъынмæ*
*Никуы равдæлди мæн*
*Стæй... Сæ зæгъынмæ дæр*
*Мæ ныфи никуы бахастон.*

*Цас лæгдзинад равдисын хъæуы,*
*Цал хохы сæрты ахизын хъæуы,*
*Цæмæй уыцы сомыты аккаг ысуай,*
*Уый тыххæй!..*

*... Лæг йæ лæгдзинадæй,*
*Йæ хорз хъуыддæгæй лæг у.*
*Ирыл-иу мæгуыр бон куы скодта,*
*Уæд-иу йæ хъæбулты лæгдæрты*
*Сомы кæнынмæ ,*
*Ард хæрынмæ нал æвдæлди.*

*Сæ фæстаг улæфты,*
*Сæ уæлахизы бæрзондыл-иу басыгъдысты*
*Сæ карздæр сомытæ.*
*Арвы ферттывдау-иу*
*Цæхæртæ скалдтой,*

*Дзылләты сæрмæ-иу стахтысты*
*Сæ нæргæ кад,*
*Сæ нæргæ намыс.*

*Изæрон арвыл-иу*
*Судзгæ стъалытæй баззадысты æнусмæ.*
*Скæс-ма сæм –*
*Цас æмæ цас сты!*

*Куыд цæхæртæ калынц!*
*Де 'нæрцæф хъæбултæ…*
*Дæ зынгхуыст кæстæртæ…*
*Дæ балхон хистæртæ…*
*Ард бахæрынмæ кæй нæ равдæлд,*
*Сомы кæнынил чи нæ сахуыр,*
*Уыцы хъæбултæ…*

*Тæхуды, уыдонæй иу фест!*
*Кæцыфæнды дæр уæд.*
*Æрмæст уыдонæй уæд!*
*Æхсæв-бонмæ цырагъдарæй*
*Фæсудз дæ сæрмæ, Ир.*
*Мæйдар æхсæв фæтъæбæртт лас*
*Уарзæтты разæй нарæг къахвæндагыл,*
*Ныррухс сын кæн сæ фидæнмæ фæндаг.*
*Тæхуды!..*



бахъæрта, зæгъгæ, уобæл куд расагъæс-басагъæс кодтонцæ, уотемæй болкъон Чепуркин ку зæгъидæ:

– Бардзурд бахъæртун кæнунæн ес айдагъдæр еу мадзал.

– Æма циуавæр æй дæ еци мадзал? – рафарста 'й комкор.

– Дæ бардзурд иронау раттæ рацийæй дивизимæ. Уомæй хуæздæр код нæйиес! Немуц æй нецихузи райхалдзæнæнцæ. Дивизий ба полтхайади разамонæги хуæдæййиевæг де 'мæзнхон дæлболкъон Бритъай-фурт æй, æма дæ бардзурд уомæн балæдæрун кæнæ.

– Хъæбæр хуарз æргъуди! – фегъæлдзæгдæр æй комкор æма рацимæ фæдздзорун кодта Бритъай-фуртмæ.

Комкор иронау æргом дзоргæй, æ бардзурд рацийæй афойнадæбæл исæмбæлун кодта, кумæ гъудæй, уордæмæ. Еци гъуддаг син бæлвурдæй зундгонд ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ Иссæн æхе бастдзийнадæдаргутæ дæр хъæбæр батухстæнцæ, неке си равзурста, ци 'взагбæл дзубанди цудæй, уой. Мадта знаги бастдзийнадæдаргутæ уæлдай хъæбæрдæр исхæлхъой æнцæ... Е адтæй изæрдалингити. Плийфурти дæлбарæ полктæ æма экскадронтæн бантæстæй æмбесæхсæвæмæ сæхе атакæмæ бацæттæ кæнун, уотемæй фудголи æрбунатгонд рауæнтæмæ æнæнгъæлæги нимпурсун æма сæ ниффалгæрон кæнун. Уой дæр Иссæн æ маддæлон æвзаги фæрци!..

Аци цау æримистан, еуемæй, æ дессаги æргъудидзийнадæмæ гæсгæ, иннемæй ба, нæ мадæлон æвзаг уоййасæбæл цæстиварди кæмæ нæбал æй, уой хæццæ ба ма ибæл билæскъелтæ дæр ка кæнуй, етæ 'й кæд бакæсиуонцæ æма си баруагæс уидæ æ тухгиндзийнадæ, е 'нæмæнгæ гъæугæдзийнадæ. Æма сæмæ кæд фæззиннидæ æ цардгъонддзийнадæбæл æновуддæрæй архайуни разæнгарддзийнадæ.

Советон Цæдеси Бæгъатæрино нæвæрд æрцудæй, советонфиннаг тугъди ке фескъуæлхтæй, уой туххæй (1940 анзи 7 апърели). Устур Фидибæстон тугъди рæстæг **Карсанти Хъазбег** 1942 анзи октябри æ реактивон артиллерий полкки хæццæ æрвист æрцудæй Сталинграды фронтмæ æма 'й уайтæккæдæр исæвардтонцæ Сталинграды фронти реактивон артиллерий хæйтти æфсæддон оперативон къуари хецауæй.

Инæлар **Хетæгкати Геуæрги** 1942 анзи кæрони нисангонд æрцудæй 3-аг гвардион æфсади штаби хецауæй. Архайдта Астæуккаг Дони немуцаг-итайлаг æфсæдти дæрæн кæнуни тугъдтити æма си фескъуæлхтæй, уой туххæй æй исхуарзæнхгин кодтонцæ Кутузови фиццаг къæпхæни орденæй.

Берæ æй, не 'мæзнхон тугъдонтæй Сталинграды тугъдтити ка архайдта, уони нимæдзæ. Уони 'хсæн адтæнцæ нури Дигори æма Ирæфи æхсаргинтæ. Кедæрти туххæй си нæ газети дæр финстан, кедæрти туххæй ба си мухур кæндзинан идараддæр.

**ГÆТИЙТИ Светланæ**

## ИМИСУЙНАГ НИН ЦИ ÆЙ, УОЙ ГЪÆУАМА ИМИСÆН, ЦИТГИЙНАГ ГЪÆУАМА БАЦИТГИН КÆНÆН...



# ЛЕНИНГРАДИ УОДФЕДАРДЗИЙНАДÆ ИРОНХ НÆЙ...

Дууæ æма цуппаринсæй анзей размæ (1943 анзи 12 январи) Ленинграды æма Волхови фронти æфсæдтæ Сурхтурусагин Балтийаг флоти хæццæ æмархайд кæнгæй, батудтонцæ, немуцаг-фашистион æрбалæборгутæ Ленинградбæл æртеголæ уогæй, 900 бони æма æхсæвей дæргъи æй ци блокадæй фæгъгъезæмарæ кодтонцæ, уой. Еци æверхъаудзийнадæй сахар æнæгъæнæйдæр сæребарæгонд æрцудæй 27 январи . Аци агъазиау цаути фæдбæл, куд нæ Фидибæсти еугур рауæнти, уотæ Цæгат Иристони дæр арæзт æрцæуй сæрмагонд имисæн мадзæлттæ. Уотæ аци анз дæр.

Уæхæн мадзал æрæги исаразтонцæ Цæгат Иристони Архивон службæ æма паддзахадон бюджетон косæндонæ «РЦИ-Аланий нæуæг историй паддзахадон архив». Аци арфиаг гъуддаг арæзт ке 'рцудæй, уой ахедундзийнадæ агъазиау æй, уомæн æма Ленинград немуцагфашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни æма 'й блокадæй фæййервæзун кæнуни сæрбæлтау тугъдтити архайдтонцæ, æхсарæ æма фæразондзийнадæй си фескъуæлхтæнцæ Иристони тугъдонтæ дæр – æртæ мин адæймагей бæрцæй. Уонæй æхсæзсæдемæй фулдæр, сæ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнгæй, сæ цард иснивонд кодтонцæ.

Ци мадзали кой кæнæн, е æцæгæйдæр иссæй дзиллон, уомæн æма си архайдтонцæ цалдæр фæлтæрей минæвæрттæ. Уоми архайунмæ бæргæ байагурдтонцæ Устур Фидибæстон тугъди ветеран, сахар Выборг немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй иссæребарæ кæнуни фæдбæл тугъдтити архайæг **Пагæти Михаили фурт Александри** дæр, фал минкъий еуцæйбæрцæдæр æнæфæразгæ ке адтæй, уомæ гæсгæ æ бон нæ иссæй æрбацæун.

Мадзали рæстæг Дзæуæгигъæуи электроники колледжи студентти хæццæ фембæлдмæ хунд адæймæгути 'хсæн адтæнцæ Дзæуæгигъæуи цæрæг, Ленинграды блокадæн ниффæразæг **Галинæ Ульяни кизгæ Семенюк**, Устур Фидибæстон тугъди ветеран, Уæлахези Паради архайæг **Уатати Майрæни кизгæ Людмилæ** æма æндæртæ.

Фембæлди архайгутæ базонгæ 'нцæ историон-документалон равдист «Цæгат Иристон», уæдта Ленинград багъæуай кæнуни сæрбæлтау тугъдтити не 'мæзнхонтæй ка фæммард æй, уони номхигъди хæццæ.

**Нæ уацхæссæг**

## ИРÆЗУЙНÆГТÆ ХЕСТÆРТÆЙ ХУÆЗДÆРГÆНГÆ КУ НÆ ЦÆУОНЦÆ, УÆД МУГГАГ ИСÆФТМÆ ЦÆУЙ...



# НÆ КÆСТÆРТИ ÆУУÆНКÆ РÆСТЗÆРДÆЙ КУД УА...

Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз Уæрæсей нимад цæуй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл. Куд нисангонд цæуй, уотемæй уой фæдбæл анзи дæргъи арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон мадзæлттæ. Зæгъæн, æрæги Ирæфи райони райдæдта дзиллон-гъæуайкæнуйнадон æма тугъдон-патриотон кусти мæйон.

Уой байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзал арæзт æрцудæй Чиколай 2-аг астæуккаг скъолай бундорбæл, архайдтонцæ ма си æхсæнадон змæлд «Юнармия»-йи æма æндæр еугæндти минæвæрттæ. Аци гъуддаг бацæттæ кæнуни фæдбæл кусти сæхе разæнгардæй бавдистонцæ еци скъолай кадетон къласи ахурдзаутæ дæр.

Мадзал игон кæнгæй, Ирæфи райони бунæттон администраций фæсевæди 'хсæн гъомбæладон кусти æма спорти хайади сæргълæууæг **Бесолти Алан** æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Махæн зæрдæбæл гъæуй уой дарун, æма нæ истори уотид нимæдзтæ æма цаутæй ке нæй. Е арæзт цудæй, цæуй æма идарддæр дæр цæудзæнæй нæ адæми берæ фæлтæрти хъазауатон архайди æскъуæлхтдзийнадтæй. Æма нæ ихæс æй, цæмæй уой лæдæронцæ нæ фæсевæд, цитгинæг син уа фидтæлти кадæ æма намус, уони хузæн æновуд уонцæ Райгурæн бæстæбæл, цæттæ уонцæ æ сæрбæлтау удуæлдайййæй архайунмæ.

Мадзали архайгутæ æма иуазгутæ бабæрæг кодтонцæ, Устур Фидибæстон тугъди Чиколай дзиллæй Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, еци æдзард тугъдонти номерæн Чиколай бæрæгастæу ци мемориалон циртдзæвæн ес, еу усмæ æнæдзоргæй ралæугæй син æримистонцæ сæ рохс нæмттæ. Æнæгъæнæ мæйи дæргъи Ирæфи райони еугур скъолати дæр арæзт цæудзæнæнцæ аллихузон акцитæ, кълæсти сахæттæ, зонадон уроктæ æма равдиститæ. Ахурдзаутæн фадуат уодзæнæй спортивон еристи, æркæстити æма музейтæмæ экскурсити архайунæн.

Сæйрагдæр нисантæй ма еу æй сувæллæнтти ниййергутæ æма æхсæнади хæццæ куст. Е арæзт уодзæнæй, æфсæддон гъомбæладон кустæн ци устур нисан ес нæ царди, уой син балæдæрун кæнунмæ.

Уогæ, куд нисангонд цæуй, уотемæй мæйони рæстæг гъæуама айдагъ скъолати æнхæстгонд ма цæуа куст, фал си ниййергутæ дæр разæнгардæй архайуонцæ. Еци гъуддаг ба сæхемæ райсунæй ихæсгин æнцæ ниййергути æмбурдтæ. Уоми нисангонд æрцæуонцæ фæсевæди 'хсæн гъомбæладон кусти идарддæри исаразуйнæгтæ. Уой дæр зæгъун гъæуй, æма айдагъ аци мæйони архайунæй ма евгъуйа еци куст, гъæуй исаразун, цæмæй е не 'хсæнадон цардæн исуа æ аллибони фæткæ.

**Нæ уацхæссæг**

***Январи кæрони Октябригъæуи рацудæнцæ грекъаг-ромаг гъæбесæйхуæстæй Цæгат Кавкази федералон зилди фиццаг бунат байахæссунбæл ористæ æригон (2008-2009 æнзти игурд) богæлтти ’хсæн. Исбæрæг си ’нцæ, мæйи фæсте Уæрæсей фиццаг бунат байахæссунбæл Цæгат Кавкази федералон зилди номæй ка архайдзæнæй, еци богæлттæ.***



Ка ’й зонуй, япойнаг богал цæбæл ходуй, фал еу гъуддаг ба бæрæг адтæй – ССР Цæдеси æма Японий гъæбесæйхуæцгути æмбаладон еристи рæстæг æ бон неци бацæй иристойнаг богал Дзарасати Саукуйæн æма ин фæххуæрд æй. 1957 анз.

# УÆЛАХЕЗОН Æ ДЕССАГ УОДИКОНДÆЙ АДТÆЙ!..

***Нæ дзубанди ци хабарæй райдайуйнаг ан, е хъæбæр раги æрцудæй. Цæветтонгæ, зилгæйаг биццеу 1946 анзи фиццаг хатт Дзæуæгигъæумæ исæфтудæй, уой дæр, хъæбæр æхсицгон ка адтæй, уæхæн гъуддаг исаразуни зæрдтæй. Цæветтонгæ, исфæндæ кодта классикон гъæбесæйхуæстæй ористи æ хъаурæ бавзарун. Гъо, айдагъдæр æ хъаурæбæл дардта æ зæрдæ. Уомæн æма гъæбесæй хуæцуни сосæгдзийнæдтæн æгириддæр нецима зудта, хъаурæгин ке адтæй, е ба бæрæг адтæй е ’уæнгти кондæй, æ асæ æма æ цæхæртæкалгæ æндиуд цæстингасæй дæр. Уотемæй спортивон залмæ ку бацудæй, уæд æй уайтæккæдæр æрæстæфтæнцæ, куд спортсментæ, уотæ сæ гъомбæлгæнгутæ дæр.***

## ЗИЛГÆЙАГ БÆГЪАТÆР

– Уартæ еци биццеуи фиццаг хатт уинун, – загъта номдзуд тренер Дзгойти Аслæнбег е ’мбал гъæбесæйхуæцæг-тренер Туккати Петрæн. – Бакæсай ин е ’уæнгти кондмæ, мæнмæ гæсгæ, богалæн ка райгурдæй, уæхæн æй.

– Æз дæр æй æрæстæфтæн. Цума кæцирдигон æй? Бафæрсæн æй.

Æма фæдздзурдтонцæ биццеумæ.

– Кæцæй дæ, дзæбæх биццеу? – фæрсунцæ ’й.

– Зилгæйаг.

– Дæ муггаг, дæ ном?

– Мæ муггаг – Дзарасатæй, мæ ном – Саукуй, – æфсæрмигæнгæй, зæнхæмæ ниндзаст æй, уотемæй биццеу байамудта æхе...

Берæ æнзти фæсте дæр ма, е ’нзти бæрзæндæй æ цардвæндæгтæмæ ракæсгæй, еци бон ахид æримисидæ Саукуй. Фиццаг фæлварæн ин иссæнцæ, еци бон хуйæн фабрики косгути клуби нæ республики æригон богæлттæн ци ористæ адтæй, етæ. Æма си нæ иронх кæнуй, Рахесфарси районы спортивон кадæ багъæуай кæнуни ихæс имæ ке æрхаудтæй æма си ке исарæхстæй, айдагъ е нæ, фал ма еци бон æ тæккæ уарзондæр, æ идарддæри хъисмæт ке хæццæ исбаста, еци æмбæлттæ æма æрдхуæрдтæ, – æрæдойнаг биццеу Хъулати Барис, сахайраг богалтæ Суменати Кермен, Абайти Бариси хæццæ æма ци тренерти хæццæ базонгæ ’й, е дæр. Еци бон фиццаг хатт фæууидта æ идарддæри спортивон гъомбæлади ин агъазиау агъаз ка бакодта, еци номдзуд тренер æма ористæ амидингæнæг Михаил Огладзей, уæдта спорткомитети иннæ косгути.

Æма цийни нæуæг фæндити хæццæ æрæздахтæй сахарæй Зилгæмæ Саукуй. Берæ æригон биццеути исразæнгард кодта уæдæй фæстæмæ гъæбесæйхуæсти спортмæ. Æ хæццæ сахармæ классикон гъæбесæйхуæсти тренировкитæмæ цæун райдæдтонцæ фæстæдæр номдзуд богæлттæ ка иссæй, етæ – Дзахсорати Таурбек æма Мирзати Дзантемур. Классикон гъæбесæйхуæсти дæсниадæбæл сæ ахур кодта тренер Дзгойти Аслæнбег.

Берæ имисуйнæгтæ ес Саукуйæн æ цардвæндагмæ кæсгæй. Куд си феронх уа гъæуама Цæгат Иристони кадæ гъæуай кæнгæй УСФСР-и æма нæ бæсти бæрнондæр ористи æ фиццаг уæлахезтæ! Æма айдагъ æхуæдæг нæ, фал мингай спортуарзгутæ дæр нæ иронх кæнунцæ, тухæвзарæн горцъей мастертæ, нæ бæсти æма фæсарæнти дæр зундгонд ка адтæй, еци богæлттæ, дуйней чемпион В. Николаевбæл, спорти мастертæ Г. Ткаченкобæл æма Г. Деричбæл æригон богали уæлахезтæ.

– Фал мин дууинсæйæймаг æнзти уæлахезтæй еугуремæй хъæбæрдæр имисуйнаг æй дагестайнаг уæйуг, цæугæ «хонх» ке худтонцæ, еци Абдурахманови хæццæ тох, – загъта Саукуй.

Æма æцæгæйдæр Абдурахманови хæццæ горцъебæл карз спортивон тохи бацæуун зундгонддæр уæззауууæзон богæлттæй неке фæндадтæй. Æ уæзæ 148 килограмми, æ асæ ба дууæ метри æма æрдæг кæмæн адтæй, еци цæугæ «хонхи» рампурсунмæ, кенæ си очкотæ рамолунмæ æ нифс неке хаста. Фал саг фæрæтмæ ’рцудæй, зæгъгæ, куд фæззæгъунцæ, уотæ Абдурахманов дæр æрцудæй Дзæуæгигъæумæ Уæрæсей хонсар хайии классикон гъæбесæйхуæсти зоналон еристæмæ. Вагæнттæцалцæггæнæн заводи косгути клуби еци домбай богали хæццæ рахуæцуни халæ æрхаудтæй Саукуймæ. Спортуарзгутæ дзурдтонцæ:

– Айдагъ æ уæзæй дæр æй фæббунæй кæндзæнæй Абдурахманов. Кæми æй 92, кæми ба – 148 килограмми! Уæдта æ уæзæ, æ уæзæ!..

Нæ фæттарстæй Дзарасати нæудæсанздзуд фæйнæгфарс биццеу. Æндиудæй архайдта инсæй минуттей дæргъи æ номдзуд нихмæлæууæги хæццæ æма ибæл фæуууæлахез æй. Цалдæр минуттей дæргъи зали игъустæй спортуарзгути зæрдиаг къохæмдзæгъд, тренертæ æма богалтæ Саукуйи рахастонцæ сæ къохтæбæл.

Æма райдæдтонцæ анзæйанзмæ Дзарасати Саукуйи уæлахезтæ классикон гъæбесæйхуæсти ористи, турнирти, чемпионатти. Нур хуарз «тиллæг» æрæмбурд кодтон спорти еци хузи, зæгъгæ, загъта Саукуй æхецæн æма рахизтæй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти æ хъауритæ бавзарунмæ. Спорти еци хузи исирæзуни ихæс дуинсæйæймаг æнзти кæрони æма фæндзайæймаг æнзти райдайæни сæхемæ райстонцæ тренертæ Гиоти Хасан æма Дзгойти Аслæнбег. Æма ами дæр ирæзти надбæл ниллæудтæй уæззауууæзон Дзарасати Саукуй.

Нæ республики уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти райрæзти туххæй берæ æрмæг рацудæй периодикон мухури, уæдта ма хецæн киунугутæ дæр фæззиндтæй. Æма уой туххæй нæ дзордзинан. Фал æ ирæзтмæ Цæгат Иристони УСФСР-и æма ССР Цæдеси богæлтти еугонд командити фæскомцæдеси организацити берæ æнзти секретарь Дзарасати Саукуй ци цæстуарзон байвæрæн бахаста, уомæн æнæ æримисæн нæййес æ æртинсæй анзей юбилейи бони.

Нæ богæлтти еугонд командæн, Дзарасати Саукуйæн дæр фиццаг фæлварæн адтæй 1951 анзи УСФСР-и чемпионат. Нæ командæ фæуууæлахез æй æма иссæй чемпион. Фал бабæй ами дæр Саукуймæ æрхаудтæй тæккæ зиндæр ихæс. Фæд-фæди цуппар уæлахезей хæццæ рацудæй кæронбæттæнмæ. Уоми ба æй хъазауатон тохи бацæуун гъудæй ССР Цæдеси æма дуйней чемпион XV Олимпаг гъæзтити чемпион, мæскуйаг Арсен Мекокишвилий хæццæ. Хъæбæр федар фæллæудтæй æ нихмæ, фал тæрхонгæнгутæ уæлахез равардтонцæ мæскуйагæн. Æма ма Саукуй еци фæлладæй дæр фæуууæлахез æй иннæ мæскуйаг спорти мастер Герасимовбæл, байахæста дуккаг бунат, исаккаг ин кодтонцæ æвзестæ майдан. Еци чемпионатæй нæ богæлтти команди иуонгтæ æртемæй – Хъулати Барис, Дзарасати Саукуй æма Мирзати Дзанте æрбаздахтæнцæ майданти хæццæ æма иссæнцæ фиццаг ирон спорти мастертæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй.

– Устур федæн ес дæуæн, – загъта чемпионати фæсте Саукуйæн Арсен Мекокишвили, – æцæг архайæ дæ уæзæ фæффулдæр кæнунбæл. Уæззауууæзон богалæн 92 килограмми бустæги минкъий æй.

Еци цæстуарзон фæдзæхст æ зæрдæбæл бадардта Саукуй æма зæрдиагдæрæй бавналдта е спортивон дæсниадæ федардæр кæнунмæ. Е ин фæййагъаз æй æндиуддæрæй нæуæг æнтæститæмæ цæунæн.

Æхсæз хатти фæд-фæди фæуууæлахез æй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти УСФСР-и бæрнон ористи, æртæ хатти иссæй ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухти чемпион, уæлахезæй æрбаздахтæй цалдæр хатти æхсæнадæ «Спартак»-и центрон совети æма ПЦÆЦС-и Еугурдуйнеуон ористæй дæр. Фæстагмæ иссæй нæ бæсти тæккæ тухгиндæр уæззауууæзон богал. 1958 анзи фæуууæлахез æй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй ССР Цæдеси чемпион И. Вихристюкбæл, 1959 анзи ба æй рамулдта ССР Цæдеси адæмти дуккаг спартакиади ористи.

Еци ористæй ирон богалтæ исластонцæ цуппар сугъзæрийнæ æма еу æвзестæ майдани. Рекорд! Саукуй ма еци спартакиади фæуууæлахез æй Медведбæл дæр.



Иристони спортивон кадæ æма намус (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ДЗАРАСАТИ Саукуй, ХЪУЛАТИ Барис; цуппæрæймаг – БЕКМÆРЗТИ Михал, фæндзæймаг – ГИОТИ Хасан. 1953 анз.

**6б Зундгонд паддзахадон архайæг, Сурх Æфсад исаразгутæй еуей, Фрундзе Михаил Василий фурти райгурдбæл 2 феврали æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1895-1925).**

***Иристони богæлтти хигъди ес 2 сугъзæрийнæ æма 1 æвзестæ майдани. Кæд сæ хуæрзеугути нимæдзæ берæ нæй, уæддæр нæ тренертæ сæ зæрдæ дарунцæ, Уæрæсей фиццаг бунат байахæссунбæл ерситæмæ балцæгти ци æхсæз богали бакустонцæ, етæ сæхе сæрæнæй ке равдесдзæнæнцæ æма хуæздæрти хæццæ ке уодзæнæнцæ.***



Æрцудæй Олимпаг гъæзтитæмæ цæттæ кæнуни рæстæг дæр. Мельбурни Олимпиадæмæ ССР Цæдеси еугонд команди хæццæ рандæнцæ Хъулати Барис æма Дзарасати Саукуй. Фал команди фæскомцæдесон организаций секретарь Дзарасати Саукуй хуæцгæ нæ кодта. Æнгъæлмæ кастæй е 'рдхуарди уæлахезмæ. Фал Хъулати бицъеу хъæбæр ке фæццæф æй, уой фудæй байзадæй дуккаг бунати. Æ зæнги цæфи рист ибæл ку æртæфстæй, уæд горцъебæл батухстæй æма 'й Сайкуй æ гъæбеси рахаста.

Ралæудтæй 1960 анз, Рими Олимпаг гъæзтити рæстæг. Уордæмæ фæткæмæ гæсгæ гъæуама рандæ адтæйуонцæ Иристони богæлттæ цуппаремæй – 1959 анзи чемпионтæ Бекмæрзти М., Дзахсорти Т., Хъулати Б. æма Дзарасати С. Фал цæмæдæр гæсгæ рарвистонцæ айдагъдæр Дзарасай-фурти.

Ци дессаги хъаурæ æма лæгдзийнадæ равдиста ами дæр ирон æртинанздзуд богал! Спортуарзгутæ ибæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ, уотемæй, кæронбæттæни ерситæмæ цæугæй, рампурста ирайнаг тухгин богал Шурварзийи, шведаг Антонсони, Рими спортуарзгути уарзон богал Мараскальки.

Æрдæгкæронбæттæни æмтухæ разиндтæй туркаг уæйуг Каплани хæццæ. Сугъзæрийнæ майдан рамолунмæ ма 'й гъудæй еу ампъез – кæронбæттæни ФРГ-й команди иуонг, дуйней чемпион Дитрихи рамолун. Фал... Фал æй фæррæдуйун кодтонцæ е 'мбæлтти æнæбундор нифситæ:

– Сугъзæрийнæ дæу æй!

– Рагацау дин арфæ кæнæн дæ уæлахези туххæй!

Фал еци уæлахез гъудæй рамолун. Уотемæй Саукуй еци арфити фæсте горцъемæ рацудæй еуминкъий æ архайд фæллæмæгъдæр кæнгæй. Æма фæхххуæрд æй. Ци гæнæн ин адтæй, спорти минкъий рæдуд дæр хъазар æй, ка 'й æруадзуй, уонæн. Саукуй Олимпиади призер ке иссæй, е дæр æнтæстбæл нимад адтæй æма ин Советон делегаций иуонгтæ ракодтонцæ зæрдиаг арфитæ. Спорти берæ уæлахезти фæсте Дзарасати Саукуй æ еугур хъауритæ дæр лæвардта Иристони спорти ирæзтæн. Берæ æнзти дæргъи адтæй спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и сæрдар, исгъомбæл кодта сæдæгай дæсни спортсментæ, спорти мастертæ. Цæгат Иристони паддзахадон университет каст фæууни фæсте дæр кодта берæ бæрнон куститæ, адтæй нæ футболон командæ «Спартак»-и хецау дæр.

Спортивон æхсæнадитæ «Спартак», «Фæллой», «Тыллæг», «Буревестник», «Зенит» æма «Локомотив» ку байеу æнцæ, уæд син сæрдарæй альтернативон æвзурстити уагæбæл æмгъæлæсæй æвзурст æрцудæй Дзарасати Саукуй. Æма раздæрау хъаурæгинæй архайдта нæ Иристони спорт дзиллон искæнунбæл, æхе хузæн арæхстгун спортсментæ исгъомбæл кæнунбæл.

Хъаурæгин богали спортивон берæ майданти фарсмæ Саукуйи фæтæн реубæл æрттивтонцæ орден «Кади нисан» æма майдан «Фæллойни æнтæстити туххæй» хаста Цæгат Иристони АССР культури æскъуæлхт косæги кадгин ном, исаккаг ин кодтонцæ Цæгат Иристони АССР æма УСФСР-и Сæйраг Совети Президиуми Кади грамотитæ, ФÆЛКЦ-и ЦК-и Кади грамотитæ.



ДЗАРАСАТИ Саукуй (лæууй дуккаг рæнгъи) æ хеуæнтти хæццæ.



ДЗАРАСАТИ Саукуй æ фурти хæццæ.

## ÆФХУÆРД НÆ НИХХАТИР КОДТА

Тренер Рудольф Плюкфельдер ССР Цæдеси зундгонд спортсмен-уæззауатлет æма Токиой Олимпаг гъæзтити чемпион, ССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер, ССР Цæдеси æскъуæлхт тренер, берæ дуйнеуон рекордтæ исæвæрæг цардæй æма куста Ростови облæсти, сахар Шахтий, уой фæсте цардæй фæсарæнти.

Олимпаг чемпионтæ А. Вахонин, Д. Ригерт æма берæ æндæр зундгонд штангистти ка исгъомбæл кодта, е – Р. Плюфкельдер, фæсарæнти цæргæй, ниффинста æ имисуйнæгти автобиографион киунугæ æма 'й рауагъта фондз томемæй, хуннуй «Чужой среди своих». Махæн, иристойнæгтæн, уæлдай цæмæдесагдæр æй киунуги дуккаг том. Уоми автор дзоруй не 'мзæнхон спортсмени, нæ адæми уарзон бæдолæ, абони дæр сæрустур кæмæй ан, еугур дуйней дæр зундгонд ка 'й, еци уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти дæсни Дзарасати Саукуйи туххæй. Уотæ нæмæ кæсуй, æма махау Дзарасати Саукуйи лæгæй-лæгмæ ка зудта, етæ, уæдта иннетæ дæр, æхсицгонæй бакæсдзæнæнцæ, зундгонд штангист Рудольф Плюкфельдер не 'мзæнхони туххæй ци финсуй, уой. Рими Олимпаг гъæзтити хуæдразмæ тренировкити Рудольф рахаудтæй Олимпаг гъæзтити архайгути къуарæй.

«Иуазæгуати цæугæй æрæги æз фембалдтæн уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти Олимпиади æвзестæ призер Дзарасати Саукуйбæл Цæгат Иристонæй, Баковки ке хæццæ базонгæ дæн тренировкити, уобæл. Хъæбæр æхцæуæн ин адтæй мæ уиндæ. Ме 'намонди хабæрттæ мин ку базудта, уæд мин зæрдиагæй фæттæрегъæд кодта. Радзурдта мин, ГФР-и В. Дитрихæн куд фæхххуæрд æй, уой туххæй.

– Рудольф, циуавæр адæймаг æй аци Дитрих! Фараст бони хуæстæй ами, уонæй фондз – классикон гъæбесæйхуæстæй, уоми чемпион И. Богдан иссæй Киевæй, айдагъдæр очкотæмæ гæсгæ фæууæлахез æй Дитрихбæл. Нифс ми адтæй, чемпион ке исуодзæнæн, уомæй æма исфæндæ кодтон рæстæг «райвазун», дæлгоммæ ниххустæн мæ губунбæл. Æма мæнæ Дитрих æ къохтæ мæбæл æртухта. Къохтæ ба – æфсæйнаг аркъау куд фæууй, уæхæн. Ци нæ син кодтон мæ бауæрæй сæ ратонуни туххæй, уæддæр сæ цидæр хузи батъунста мæ губуни бунти. 110 килограмми æй мæ уæзæ. Фарæстæймаг бон ку хуæстан, уæд мæ горцъейæй истудта. Æз ма мæ къохтæй бæргæ нихxуæстæн, фал мæ е æваст исиста, уæлдæфи мæ æрзилдта æма мæ мæ рампурста.

– Дæумæ ма æвзестæ уæддæр æрхаудтæй, мæнмæ ба – неци.

– Лæдæрун дин дæ сагъæс. Игъосай, гъæйдæ æма сахармæ рандæ уæн! Мæнмæ ма æхца байзадæй, исхарз сæ кæнун гъæуй.

– Мæн дæр фæндуй сувæллæнттæн италиаг сувениртæ æма гъазæнтæ балхæнун.

Бадзубанди кодтан сахатти фæсте Олимпаг гъæумæ бацæуни фембæлуни тухxæй.

Æз рахизтæн Олимпаг гъæуæй æма ин фæууидтон, æ рацæуæн куд рæсугъд æй, уой. Алли æвзагбæл «Добро пожаловать!» финститæ, галеуæрдигæй – дууæ æстонг сабийи дæйунцæ таурæгъон римаг берæгъи...

– Цæуæн, Рудольф, уадзæ сæ е ба дæйуонцæ, – загъта Саукуй æма рандæ ан трамвайи æрлæууæнмæ. Æз кедæр немуцагау рафарстон æма мин байамудта, кумæ цæун æма кæми рахезун гъæуй, уони.

Исбадтан трамвайи, кæдзос трамвай, фал хъинцъхъинцгæнагæ. Æз нæ фæуунидтон, Дзарасай-фурти æрвхуз къуртæ, уобæл «СССР» финст ке адтæй, уой. Мах бадæн æма нæхецæн дзубандитæ кæнæн. Нæ дзубанди трамвайи хъинцъхъинцæй некæмæ игъустæй. Уæдмæ æрбахизтæй еу силгоймаг дууæ сувæллонæй хæццæ. Мах ин исистадан, раварддтан син нæ бадæн бунæттæ. Фал нæмæ уæдмæ, еу – 30 анзи кæбæл цудайдæ, уæхæн бицъеу хæстæг æрбалæудтæй æма хъибилау къох-къох кæнуй, дамугъатæ «СССР»-мæ амонгæй, æ сæр Саукуйи 'рдæмæ телгæй.

– Ци 'й гъæуй? – нæ 'й ралæдæрдтæй е.

Æз æй немуцагау рафарстон æма мин бицъеу загъта:

– Das ist ein russischen Schwein.

– Уотæ зæгъуй, ду, дан, уруссаг хъибил дæ, – ратæлмац кодтон Саукуйæн бицъеуи дзуапп.

– Дзарасай-фурт дууæ нæбал фæккодта, райахæста бицъеуи, æркъæдзæ 'й кодта, исиста 'й хæрдмæ æма 'й дууæ æфсæйнаг хæтæлей æхсæн бацавта. Адæм нимдзæгъд кодтонцæ, райгъустæй: «Браво, русс!»

Иннæ æрлæууæни рахизтан.

Берæ фæхххудтан, уой фæсте мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй, куд нин фæдзахстонцæ, цæмæй нæ дамугъати хæццæ дарæси Рими гъæунгти ма цæуæн. Хуарз æма трамвайи къаресæг-репортер нæ разиндтæй. Уой фæсте устур тукани мах исхарз кодтан нæ кадавар лирæ æхцатæ.

**БИЧИЛТИ Алетæ**



Æ рæстæги Японий уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцгути еугонд команди хæццæ фембæлди архайæг Цæгат Иристони богалти еугонд команди иуонгтæ. Галеуæрдигæй фиццаг – ДЗАРАСАТИ Саукуй.

**Номдзуд гъæбесæйхуæцæг æма тренер Чишиати Михаили фурт Юрийи райгурдбæл 3 феврали æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1940-2017).**

– Доктор, у меня рука болит.
– Так болит?
– Болит.
– А так болит?
– А вот так не болит.
– Так и ходи. Следующий!..

☺ ☺ ☺
Пациент спрашивает врача:
– Мое зрение действительно улучшится, если я буду есть больше моркови?
– Конечно!.. Вы когда-нибудь видели зайца в очках?

☺ ☺ ☺
– Мама, только не волнуйся, но я в больнице.
– Ты уже восемь лет работаешь врачом. Пожалуйста, прекрати начинать каждый звонок с этой фразы.

## ДОХТИР ХУАСÆГÆНÆГ ÆЙ, ФАЛ УÆДДÆР ФИЦЦАГ ХУАСÆГÆНÆГ БА ÆХЕЦÆН АДÆЙМАГ ÆХУÆДÆГ ÆЙ!..



# МА РÆДУЙЕТÆ ГРИППИ НИХМÆ АРХАЙГÆЙ

***Нуртæккæ рæстæг уазалгомау ке ’й, уомæ гæсгæ тæссаг æй грипп æма æндæр уæхæн незтæй фæссæйгæ унæй, уæлдайдæр ба гъæуайгонд гъæуама цæуонцæ кæстæртæ. Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министрадæй куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй еци незтæй фæссæйгæ унæй тæссаг ке ’æй, уомæ гæсгæ рæстæгмæ æхгæд æрцудæнцæ дууæ скъолай æма еу рæвдауæндонæ. Министрадæ куд фегъосун кодта, уотемæй рæвдауæндæнтти сæйгæ сувæллæнтти нимæдзæ хъæртуй 14, скъолати ба 11 процентей уæнгæ.***

***Уæрæсей фæлхæсади фæткæдаруйнади регионалон управленийæй куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй хуæцгæ незтæ æма иннæ исуазал уни фудæй незтæй фæссæйги эпидемиологон уавæр, раздæри мæйи бæрæггæнæнти хæццæ рабаргæй, еуминкъий фæббæрзонддæр æй.***

***Дзубанди дæр ибæл нæййес, аци бæнтти уæлдай хъæбæрдæр гъæуй хе гъæуай кæнун, фæссæйгæ уогæй ба дохтири амунддзийнæдтæ гъæугæ хузи æнхæст кæнун. Уой фæдбæл цæуй дзубанди, мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уоми дæр.***

Адæймаг æхе минкъийдæр лæгъуз банкъардта, зæгъгæ, уæд æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайуй – кæми тæвдæ цай цумуй, кæми къæхтæ тæвдæ дони даруй, кæми къохи буни цидæриддæр хуастæ разиннуй, уонæй къохидзæгтæй ниуазуй. Еугур етæ ’нцæ дзæгъæли, фулдæр хатт неци фæййагъаз унцæ, незæй нæ багъæуай кæнунцæ æма адæймаг æцæгæйдæр фæссæйгæ уй. Уотæ цæмæй ма рауайа, уой туххæй дæлдæр æрдзубанди кæндзинан, хе багъæуай кæнун кæмæй гъæуй, еци рæдуд къахдзæфтæбæл.

Фиццаг рæдуд: сæйгæ кæнунмæ мæ нæ евдæлуй. Нуртæккæ цард уотæ ’й, æма адæймаг æдзохдæр æй æнæвдæлон, кæнуйнаг гъуддæгутæ еци-еу рæстæг исберæ унцæ, еуебæл дæр си нæбал фæхъхъæртуй æма адæймаг æ цард рарветуй, зæгъæн ес, цæугæцæун. Сæйгæ кæнунмæ, æцæгæйдæр, неке евдæлуй. Уомæ гæсгæ, æхе минкъий лæгъуздæр банкъаргай, адæймаг дохтирмæ нæ цæуй, фал æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайуй, æма уой дæр – цæугæ-цæун: къохи буни ци хуастæ фæуунцæ, уони баниуазуй, тæвдæ цай еу инней фæдбæл цумуй. Æма ин цума еуминкъий фенцондæр уй, уотæ фæккæсуй адæймагмæ. Уæхæн устурзæрдæдзийнади фудæй нез адæймагбæл фæстæдæр ниййарф уй, уæдта æ фæсте расайуй никки уæззаудæр фæстеугутæ. Уæхæн мадзæлттæй хе дзæбæх кæнуни бæсти гъæуй хуссæни хъанæй лæуун æма дохтирмæ фæдздзорун. Æртæ-цуппар бони адæймаг хæдзари ку рарвистайдæ æма ин дохтир ци хуастæ байамудта, уонæй æхе ку дзæбæх кодтайдæ, уæд организм нези нихмæ федардæр разиндтайдæ.

Дуккаг рæдуд: бауæри тæвдæ хъæбæр бæрзонд ку нæ уа, уотемæй æй бунмæ гæлдзун. Ке зæгъун æй гъæуй, бæрзонд тæвдæн бухсун æнцон нæй, сæйги е хъæбæр тухсун кæнуй – сæр ресуй, иуæнгтæ ислæмæгъ унцæ. Уомæ гæсгæ, уæхæн уавæри ун неке фæндуй, æма тæвдæ минкъийдæр (37 градусæй) фæббæрзонддæр æй, зæгъгæ, уотæ æ нихмæ хуастæ ниуазун райдайæн. Æцæгæй ба, бауæри тæвдæ ке исбæрзонд æй, уобæл гъæуй цийнæ кæнун, уомæн æма е дзорæг æй, нези хæццæ тох кæнунæн организммæ хъауритæ ке ес æма иммунитет федар ке æй, уобæл. Бауæри тæвдæ гъæуй бунмæ гæлдзун 38,5 градусæй фулдæр ку фæууй, айдагъдæр уæд (аци рауæн дзубанди нæ цæуй, сæйгæн æ сæр æгæр ку реса, кенæ имæ бæрзонд тæвдæ бауæри æхсилкъитæ ку расайа, уæхæн цаутæбæл).

Æртиккаг рæдуд: дæхе гъæццоли буни никкæнæ æма къæрæзгитæ æнгон исæхгæнæ. Адæймаг ку исуазал уй, кенæ гриппæй ку фæссæйгæ уй, уæд ибæл резæнгæ бацæфсуй æма гъæццолæй æхе ниттохуй, къæрæзгитæ нихгæнуй, уазал имæ куд нæ хъæрта, уотæ. Е раст нæй. Гъæццоли уæхе батохетæ, кæд уæ фæндуй, уæд, айдагъдæр къæрæзгитæ гъæуй игонæй дарун уати, кæдзос уæлдæф куд уа, уотæ. Кæдзос уæлдæф вирустæн æй сæ марæг.

Цуппæрæймаг рæдуд: антибиотиктæ ниуазун. Адæймаг æхе фæдздзæбæх кодта, æ къохи буни ци хуастæ разиндтæй, æма æ бон куд адтæй, уотæ. Фал уавæр бустæги хуарз нæ фæцæй. Æма уæд балхæнуй антибиотиктæ. Е дæр раст нæй. Дохтиртæ бафæлладæнцæ амонунæй – антибиотиктæ марунцæ айдагъдæр бактеритæ. Грипп æма уазал исуни фæстеугутæ – етæ ба ’нцæ, вирус ке расайуй, уæхæн незтæ, æма сæ нихмæ антибиотиктæ ниуазун æй бустæги дзæгъæли. Е нæ, фал сæбæл бактеритæ дæр ма исахур уодзæнæнцæ æма хуастæ нæбал агъаз кæндзæнæнцæ.

Фæндзæймаг рæдуд: нез æхуæдæг рандæ уодзæнæй. Уæлдæрнимад цуппар рæдудемæн æ кой дæр нæ уидæ, гигиени домæнтæмæ адæймаг устурзæрдæ ку нæ уидæ, æма незти нихмæ профилактики мадзæлттæ раст æнхæст ку кæнидæ, уæд. Се ’нхæст кæнун дæр зин бæргæ нæй. Вирустæ организммæ бахаунцæ уæлдæфæй æма байдзаг унцæ гъæлæс æма фиййи цъæсти. Иммунитет лæмæгъ ку уа, уæд уоми æрфедар унцæ æма уотемæй расайунцæ ангинæ, бронхит, пневмони. Хумæтæги уазал дæр расайуй уæззау незтæ. Нез цæмæй рандæуа, уой туххæй иммунитет гъæуй федар кæнун, куд, уой ба баййамондзæнæй айдагъдæр дохтир.

Æнхæст кæнетæ дохтирти амунддзийнæдтæ, сæ фæрци уе ’нæнездзийнадæ уодзæнæй федардæр, æма уин уæззау незтæй тæссаг нæ уодзæнæй.

***ЦХУРБАТИ Эллæ,***
***медицинон профилактики республикон Центри дохтир-методист.***

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



### «ДИАБЕТИ СКЪОЛА» – ЭНДОКРИНОЛОГОН ДИСПАНСЕР

***Республикон эндокринологон диспансери рази идарддæр æ куст кæнуй «Диабети скъола». Еци рохситауæн проекти фæлгæти диспансери специалисттæ лекцитæ бакæсунцæ æма æндæр фембæлдтитæ исаразунцæ, сæкæрнез кæмæ фæззиннуй, еци адæмæн.***

Цæгат Иристони Æнæнедзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради пресс-служби куд радзурдтонцæ, уотемæй «Диабети скъола»-й архайди программæ ахедгæ æма берæвæрсуг æй – диспансери специалисттæ агъазгъæуагæ адæмæн лæмбунæг радзурдтонцæ сæкæрнези хецæндзийнæдти, нез куд æма цæй туххæй фæззиннуй, тоги глюкози æмвæзадæмæ циуавæр цæстдард гъæуй æма æндæр уæхæн гъуддæгути туххæй. Сæрмагонд æргом здæхт цæуй диабети профилактики мадзæлттæ æма амунд незихатт фæккарздæр кæнуни æууæлтæ ма ’руадзуни фарстатæмæ дæр. Ке зæгъун æй гъæуй, лекторий архайгутæн фæууй сæ берæ фарстатæ дохтиртæмæ раттуни фадуат дæр.

Эндокринологон диспансери минæвари дзубандимæ гæсгæ, 2024 анзи «Диабети скъола»-й лекцитæ æма ахуртæ бабæрæг кодтонцæ 2 мин адæймагей бæрцæ (уонæй 43-сувæллæнттæ).

Сæрмагондæй зæгъун гъæуй, «Диабети скъола»-й къæбинеттæ районти центрти медицинон косæндæнтти бундорбæл дæр ке архайунцæ, уой.

Рохситауæн проект «Диабети скъола»-й сæйрагдæр нисантæ ’нцæ сæйгæ æма диабетмæ æмхец адæмæн незихатти туххæй фулдæр зонундзийнæдтæ раттун, сæйгитæмæ аци карз нези низмæ тохмæ турнундзийнадæ игурун кæнун, дзæбæхгæнæг-профилактикон архайди ахедундзийнадæ бæрзонддæр кæнун.

## ПЕРВЫЕ ПАЦИЕНТЫ ПОЛУЧАТ ОНКОВАКЦИНУ ОСЕНЬЮ 2025 ГОДА

Об этом в беседе с «РИА Новости» рассказал Александр Гинцбург, директор Национального исследовательского центра эпидемиологии и микробиологии им. Н.Ф. Гамалеи Минздрава России, где разрабатывается один их препаратов от онкологических заболеваний:

– Согласно тому плану дорожной карты, который мы представили в Минздрав, но окончательно он пока не утвержден, мы должны получить в конце августа разрешение, чтобы в сентябре можно было начать лечить людей.

Предположительно, вакцину будут использовать для лечения первичной меланомы и тех, кто прошел некоторые стадии лечения. Ранее Александр Гинцбург, напомнили в публикации, уточнял: онковакцина от Центра им. Н.Ф. Гамалеи, будет создаваться персонализировано для каждого пациента, а в ее разработке поможет искусственный интеллект. ИИ проведет анализ параметров новообразования и предложит «чертеж» препарата, по которому эксперты за неделю создадут лекарство.

Кстати, 4 февраля отмечается Всемирный день борьбы против рака.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг:
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 189.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 31.01.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 31.01.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.